# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ, МӘДЕНИЯТ ҲӘМ СПОРТ МӘКЕМЕЛЕРИ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИНИҢ БАЗАЛЫҚ ТАРИФ СТАВКАЛАРЫ ҲӘМДЕ РАЙОН (ҚАЛА)ЛЫҚ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ БӨЛИМИ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИНИҢ ИС ҲАҚЫЛАРЫ МУҒДАРЛАРЫН ТАСТЫЙЫҚЛАЎ ҲАҚҚЫНДА

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги «Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПП-6108-санлы Пәрманы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги «Тәлим-тәрбия системасын жәнеде жетилистириўге тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында» ПҚ-4884-санлы қарары, сондай-ақ, 2020-жыл 13-октябрьдеги «Өз алдына билим бериў зәрүр болған балаларға тәлим-тәрбия бериў системасын жәнеде жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-4860-санлы қарарына муўапық 2020-жыл 25-декабрьдеги Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 59ққ-санлы, Бәнтлик ҳәм мийнет мүнәсибетлери министрлиги 20ққ-санлы, Мәдения министрлиги 19ққ-санлы, Дене-тәрбия ҳәм спорт министрлигиниң 26ққ-санлы «Халық билимлендириў, мәдения ҳәм спорт мәкемелери педагог ҳәм басшы хызметкерлериниң базалық тариф ставкалары ҳәмде район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң лаўазым ис ҳақылары муғдарларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы қоспа қарарын орынлаў мақсетинде

## БУЙЫРАМАН:

1. 2020-жыл 25-декабрьдеги «Халық билимлендириў, мәдения ҳәм спорт мәкемелери педагог ҳәм басшы хызметкерлериниң базалық тариф ставкалары ҳәмде район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң лаўазым ис ҳақылары муғдарларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 59ққ-санлы, Бәнтлик ҳәм мийнет мүнәсибетлери министрлиги 20ққ-санлы, Мәдения министрлиги 19ққ-санлы, Дене-тәрбия ҳәм спорт министрлигиниң 26ққ-санлы қоспа қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Усы қоспа қарар 2021-жыл 1-январьдан баслап күшке киретуғыны мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги «Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПП-6108-санлы Пәрманы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги «Тәлим-тәрбия системасын жәнеде жетилистириўге тийисли қосымша ис-иләжлар

ҳаққында»ғы ПҚ-4884-санлы қарары, сондай-ақ, 2020-жыл 13-октябрьдеги «Өз алдына билим бериў зәрүр болған балаларға тәлим-тәрбия бериў системасын жәнеде жетилистириў ис-иләжлар ҳаққында»ғы ПҚ-4860-санлы қарарына муўапық төмендегилер;

2021-жыл 1-январьдан баслап:

улыўма билим бериў мәкемелериниң дөретиўшилик мәселелер бойынша үгит-нәсиятлаўшылары базалық тариф ставкасы муғдары улыўма билим бериў мектеплери жаслар жетекшиси базалық тариф ставкасына;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы «Меҳрибанлық» үйлери республика саўалландырыў лагери баслығы базалық тариф ставкасы муғдары «Меҳрибанлық» үйлериниң тийисли басшы хызметкери базалық тариф ставкасының 90 пайызына;

«Меҳрибанлық» үйлери ҳәм балалар қалашалары психологлары базалық тариф ставкасы муғдары улыўма билим бериў мектеплери психологлары базалық тариф ставкасына;

«Меҳрибанлық» үйлери ҳәм балалар қалашалары дөгерек ҳәм музыка басшылары, мийнет ҳәм тренер ис жүритиўши базалық тариф ставкалары «Баркамал әўлад» балалар мектеплериниң дөгерек басшылары базалық тариф ставкаларына теңлестирилгенлиги;

2021-жыл 1-апрельден баслап:

Халық билимлендириў министрлиги системасындағы методистлердиң ис ҳақы муғдарлары-жоқары категориялы оқытыўшының базалық тариф ставкасы муғдарына;

улыўма билим бериў мәкемелериниң Ўатан сүйиўшилик руўхында жасларды таярлаў бойынша директор орынбасары-Әскерий шақырыққа шекем таярлық басшысының ис ҳақы муғдары улыўма билим бериў мектебиниң жоқары мағлыўматлы (категориясыз) оқытыўшысы базалық тариф ставкасына теңлестирилгенлиги;

усы хызметкерлердиң базалық тариф ставкалары муғдарлары Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Бәнтлик ҳәм мийнет мүнәсибетлери министрлиги, Мәдeният министрлиги, Дене-тәрбия ҳәм спорт министрлиги тәрепинен қайта ислеп шығылғанлығы инәбатқа алынысын.

3. Төмендегилер:

- халық билимлендириў мәкемелериниң педагог хызметкерлери мийнетине ҳақы төлеў бойынша базалық тариф ставкалары муғдарлары 1-қосымшаға муўапық;

- билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлери мийнетине ҳақы төлеў бойынша базалық тариф ставкалары муғдарлары 2-қосымшаға муўапық;

район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң лаўазым ис ҳақылары муғдарлары 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәмде Республикалық бойсыныўындағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

- халық билимлендириў мәкемелериниң басшы ҳәм педагог хызметкерлери қосымшада көрсетилген базалық тариф ставкалары бойынша өз ўақтында қайта есап-китап алып барыў;
- халық билимлендириў мәкемелериниң басшы ҳәм педагог хызметкерлери мийнетине ҳақы төлеў бойынша базалық тариф ставкалары муғдарлары өзгериўи мүнәсибети менен қосымша талап етилетуғын қаржыларды ажыратыў бойынша тийисли қаржы бөлимлери менен биргеликте жумыс алып барыў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 31-январдағы 15/1-Б-санлы буйрығы өз күшин жоғалтқан деп табылсын.

6. Усы буйрық 2021-жыл 1-январьдан баслап күшке киреди.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң биринши орынбасары А. Худайбергеновқа жүклensин.

**Министр** **Р. Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «7» Январ
№ 10